

Lembar Kerja Peserta Didik

Kelas/Semester: XI/Gasal

Fase/Elemen: F/Membaca

Topik: Pranatacara



Penyusun: Na'il Yumna Firdaus, S.S.

Lembar Kerja Peserta Didik

Nama:

No. Presensi:

Kelas:

Tanggal:

Ancasipun Pasinaon

Para siswa saged madosi tegesipun tembung-tembung angel saking teks pranatacara kanthi trep.

Pitedah Pasinaon

1. Damel kelompok kanthi pasang-pasangan utawi saben kelompok cacahipun 2 siswa.
2. Para siswa nggatosaken andharan saking guru bab tembung angel ing teks pranatacara.
3. Para siswa kedah maos sedaya andharan wonten LKPD punika kanthi premati.
4. Para siswa mangsuli pitakenan wonten ing LKPD kanthi patitis.
5. Para siswa pirembagan kaliyan kanca sakelompok.
6. Menawi wonten pitakenan, saged nyuwun pirsu dhumateng guru.
7. Sampun kesupen nyerat nama jangkep, nomee presensi, kelas, kaliyan tanggalipun.
8. Menawi sampun cekap, LKPD punika saged dipunaturaken dhateng guru utawi di-submit.

Fase 1. Orientasi Masalah

Pemantik

- Punapa para siswa nate ningali utawi mirengaken tiyang ingkang dados pranatacara?
- Punapa para siswa nate manggihi tembung-tembung ingkang awrat utawi boten dipun mangertosi nalika maos teks utawi mirengaken pranatacara?
- Tembung-tembung awrat punapa mawon ingkang nate dipun panggihi para siswa?
- Kinten-kinten kados pundi caranipun madosi tegesipun tembung-tembung punika?

Pretest

Kangge mangertosi kados pundi kemampuan siswa saderengipun pasinaon, mangga saged nggarap kuis ing ngandhap.

<https://quizizz.com/join?gc=83991875>

Peta Konsep



Fase 2. Organisasi Peserta Didik

Materi Faktual

Tuladha Teks Pranatacara Pawiwahan

Assalamu'alaikum wr. wb. Kasugengan saha karaharjan mug i tetepa kajiwa kasarira dhumateng panjenengan sedaya.

Para pepundhen ingkang ambek budi darma, para pinisepuh miwah sesepuh ingkang dahat kinabekten, para pamong pangembating praja ingkang minangka pandam pandom pepanutaning kawula dasih, miwah para tamu ingkang minulya.

Sumangga kula panjenengan sedaya kula dherekaken ngaturaken puji syukur wonten ngarsaning Gusti ingkang Murbeng Dumadi.

Ing dinten punika, kula kapiji kinen ndherekaken lampahing adicara dhaupipun sri pinanganten kekalih, nenggihi putra-putrinipun Bapak Riyanto dalah Ibu Supartini ingkang asesilih rara Ani Rakhmawati, dhaup kaliyan bagus Nur Ichsan atmaja kakungipun Bapak Adiwiyono dalah Ibu Painem.

Para lenggah ingkang minulya. Menggah rantamaning adicara pawiwahan ing wanti menika rinacik mekaten:

1. Tititlaksana ingkang kaping pisan pambuka.
2. Kalajengakeng adicara ingkang urut kalih waosan ayat suci Al Qur'an.
3. Tumapaking adicara ingkang urut tiga punika atur pambagyaharja saking brayat ageng Bapak Riyanto.
4. Adicara ingkang urut sekawan, pangendikan saking besan minangka pasrah pinanganten.
5. Atur panampi pinanganten rinacik ing adicara urut gangsal.
6. Lajuning adicara urut enem minangka titilaksita adicara ingkang pungkasan punika hastungkara utawi dedonga.

Puput pepuntoning adicara, wus dumugi paripurnaning gati. Bokmenawi anggen kula ngracik saha mranata laksitaning adicara wonten ingkang cicir cewet adamel kuciwa, mug i bapak Riyanto sakulawangsa miwah para tamu kersa ngluberaken sih samodraning aksama.

Pungkasaning atur mangga samya hasesanti jaya-jaya wijayanti, nirbaya, nirwikara, nir ing sambekala. Sugeng kondur. Nuwun. Wassalamu'alaikum wr. wb.



Tembung Angel

Saking tuladha teks punika, wonten tembung-tembung ingkang para siswa dereng mangertosi tegesipun, kadosta:

1. Ambek
2. Darma
3. Miwah
4. Dahat
5. Pandam

Lajeng, kados pundi caranipun madosi suraos utawi teges saking tembung-tembung punika?

Cara Madosi Teges Tembung

1. Bikak laman sastra.org/leksikon
2. Sumberipun pilih Poerwadarminta 1939 (Bausastra Jawa).
3. Tembung ingkang badhe dipadosi tegesipun kaserat wonten kothakan “cari” lajeng klik enter utawi gambar lup.

Tuladha Madosi Teges Tembung

Tuladhanipun badhe madosi tembung “ambek” saking ukara “Para pepundhen ingkang ambek budi darma.” Asilipun kados mekaten.

Leksikon

ambek ☐ kata utuh salah satu kata Poerwadarminta 1939

Halaman 10 < > Entri < >

1 dari 11 1-10 dari 107

ambèk (ambək) : I [x]-an kn 1 napas, lèbu wètuning hawa ing irung (kèbuk); 2 nyêrot lan ngêtokake hawa. II. kn: 1 watak; 2 awatak. duwe bèbudèn; 3 èngg. umuk, duwe anggèp luhur lsp. 4 èngg. rèwèl (tmr. bocah); di-[x]-i ak: dirèngkuh kalawan **ambèk** (umuk); kc. pambèkan. III [x]-ane èngg: ambakna (ambaknea).
Bausastra Jawa. Poerwadarminta. 1939. #75.

Katrangan Teges

Miturut panganggenipun wonten ing ukara, tembung satembung punika kerep mengku teges kalih utawi langkung. Pilah-pilahing teges wau wonten ing serat punika ing sasaged-saged dipun silah-silahaken sarana nitik asli, golongan tuwin suraosipun. Manawi suraosipun boten gegandhèngan, sami kasilah sarana angka Rum, dene manawi suraosipun gegandhengan kasilahaken sarana angka Arab. Menggah pepilahaning teges ingkang gegandhengan wau, ingkang karumiyinaken teges ingkang baku utawi teges ingkang pokok, dene sanesipun teges ingkang entar utawi sambutan.

Katrangan Golongan Tembung

1.Miturut aslining tembung

(A) Arab. (M) Mlayu, (Prs).Pèrsi, (Prt) Portêgis, (S) Sangsêkêrta, (C) Cina, (W) Wlanda

Punika mligi namung kangge ancêr-ancêr kemawon.

2.Miturut jinisipun tembung

ak (arang kanggone)

br. (basa rinêngga)

jk. (Jawa-Kuna)

êngg. (ênggon-ênggonan)

kw. (kawi)

pc. (pacêlathon)

wc (wacahan)

3.Miturut unggah-ungguhipun

k. (krama)

ki. (krama-inggil)

kn. (krama-ngoko)

n.(ngoko),



Nyocogaken Teges Kaliyan Ukara

Amargi saking satunggal tembung saged nggadhahi kathah teges, pramila panjenengan kedah milih pundi teges ingkang trep utawi ingkang jumbuh kaliyan ukaranipun.

Teges

Saking kamus, wonten tigang teges saking tembung “ambek”.

- I. napas
- II. watak
- III. ambakna

Cocog

Menawi suraos ingkang angka setunggal punika “napas” punapa jumbuh kaliyan ukaranipun? Menawi boten, lajeng ingkang teges jumbuh punika punapa?

Ukara

Para pepundhen ingkang ambek budi darma.

Gladhen

Pitedah Gladhen

1. Damel kelompok kanthi pasang-pasangan utawi saben kelompok cacahipun 2 siswa.
2. Padosana teges saking tembung-tembung ingkang sampun kaserat ing ngandhap kanthi individu wekdalipun 10 menit.
3. Lajeng, ing 15 menit candhakipun, sumangga saged diskusi kaliyan kanca sakelompokipun.
4. Sampun kesupen nyocogaken teges kaliyan ukaranipun saking teks pranatacara pawiwahan ingkang sampun kasamektakaken.
5. Wangsulane dipunserat wonten kolom teka-teki silang ing ngandhap.
6. Sedaya wangsulane migunakaken ragam krama.

Teks Pranatacara

Assalamu'alaikum wr. wb. Kasugengan saha karaharjan mugitetepa kajiwa kasarira dhumateng panjenengan sedaya.

Nuwun, para pepundhen ingkang satuhu kinabekten, para pinisepuh miwah sesepuh ingkang kinurmatan, para tamu ingkang minulya, sarta kadang kula wredha miwah mudha ingkang sutresna.

Sumangga tansah kula dherekaken muji syukur ing ngarsaning Gusti, Pangeran ingkang Maha Welas lan asih ingkang sampun ngluberaken kanugrahan ingkang arupi karaharjan ingkang tanpa pepindhan.

Para tamu ingkang minulya, keparenga kula ingkang mundhi dhawuhipun Bapak Suharmanto ngaturaken menggah rantamaning titi laksana adicara pawiwahan ing wanci menika.

Titi laksana rinantam mekaten:

- i. Minangka purwakaning acara, tinarbuka sowanipun temanten putri mijil saking tepas wangi, manjing ing madyaning sasana rinengga.

Gladhen

Teks Pranatacara

ii. Tanggap Risang Duta Pamethuk tumunten bidhal dhumateng paleremanipun putra temanten kakung, saperlu kajengkaraken tumuju dhumateng sasana pawiwahan.

iii. Sasampunipun putra temanten kakung rawuh wonten ing sasana rinengga, tumunten kalajengaken acara pasrah panampi.

iv. Paripurna acara pasrah panampi, kalajengaken dhaup panggihing putra temanten anut satataning adat widhi widana ingkang sampun sinengker, tumunten kalajengaken upacara krobongan.

v. Madyaning suka ing kalenggahan punika boten kekilapan kadang besan sutresna, lekasing sedya ugi ndherek mangayubagya keparengipun ingkang hamengku gati, mila lajeng manjing wonten sasana pawiwahan, ginarubyug sagunging para kadang santana, tumunten kalajengaken upacara sungkeman.

vi. Ing salajengipun panjenenganipun ingkang hamengku gati badhe marak ngabyantara sami, saperlu ngaturaken pambagyaharja katur panjenenganipun para tamu.

Para rawuh ingkang minulya kados sampun jangkep tumapaking adicara. Pramila sampun dumugi pethiting titi laksana. Kula sakadang ingkang dherekaken tumapaking adicara ndherek mangayubagya dhumateng risang penganten, sageda gesang manggih kamulya sarta karaharjan. Sarta ngaturaken agunging panuwun dhumateng Bapak Suharmanto, bilih kula sakadang sampun pinitados ndherekaken lumampahing titilaksana pawiwahan Dyah Ayu Retnawati kaliyan Bagus Sulistya.

Kalamun anggen kula nindakaken wajib wonten tuna dungkaping atur miwah solah bawa, cicir cewet adamel kuciwa, keparenga paduka ingkang hamengku karsa miwah para tamu paring pangaksama. Nuwun. Wassalamu'alaikum wr. wb.



Fase 3. Penyelidikan Individu/Kelompok

Nama: 1. _____ 2. _____

No. Presensi: _____ / _____

Kelas: _____

Tanggal: _____

Gladhen

Padosana teges saking tembung-tembunging ngandhap saha kaseratna ing kolom jawaban punika! Sedaya wangsulane migunakaken basa krama.

Tembung Angel Manengen

No.	Tembung Angel	Ukara
1	Wredha	Sarta kadang kula wredha miwah mudha ingkang sutresna.
3	Rantaman (lingga: rantam)	keparenga kula ingkang mundhi dhawuhipun Bapak Suharmanto ngaturaken menggah rantamaning titi laksana adicara pawiwahan ing wanci menika.
5	Kadang	Ginarubyug saguning para kadang santana, tumunten kalajengaken upacara sungkeman.
7	Pethiting	Pramila sampun dumugi pethiting titi laksana.
9	Manjing	tinarbuka sowanipun temanten putri mijil saking tepas wangi, manjing ing madyaning sasana rinengga.

Tembung Angel Mangisor

No.	Tembung Angel	Ukara
2	Sasana	Tanggap Risang Duta Pamethuk tumunten bidhal dhumateng paleremanipun putra temanten kakung, saperlu kajengkaraken tumuju dhumateng sasana pawiwahan.
4	Arupi (lingga: rupi)	Pangeran ingkang Maha Welas lan asih ingkang sampun ngluberaken kanugrahan ingkang arupi karaharjan ingkang tanpa pepindhan.
6	Tuna	Kalamun anggen kula nindakaken wajib wonten tuna dungkaping atur miwah solah bawa.
8	Cicir	Cicir cewet adamel kuciwa, keparenga paduka ingkang hamengku karsa miwah para tamu paring pangaksama.
10	Miwah	Para pinisepuh miwah sesepuh ingkang kinormatan.

Wangsulan Individu

Kaseratna teges tembung angel ing nginggil wonten kolom jawaban punika! Sedaya wangsulan migunakaken basa krama. (Wekdal 10 menit)

Manengen

- 1.
- 3.
- 5.
- 7.
- 9.

Mangisor


- 2.
- 4.
- 6.
- 8.
- 10.

Lajeng karembagna saha cocogna wangsulanipun panjenengan kaliyan pasangan utawi kanca sakelompok! (Wekdal 15 menit)

Fase 4. Mengembangkan dan Menyajikan Hasil Karya

Teka-Teki Silang

Kaseratna asiling diskusi kelompok wonten kolom teka-teki silang ing ngandhap.



Lajeng salah satunggaling siswa mangga saged maosaken asiling diskusi kelompok ing ngajeng kelas.

Fase 5. Analisis dan Evaluasi Proses Pemecahan Masalah

Post Test & Refleksi

Ing pamulangan dinten punika, para siswa sampun nyinaoni babagan caranipun madosi teges saking tembung angel ing teks pranatacara utaminipun pawiwahan.

Kangge ngukur kados pundi anggenipun para siswa nyinaoni materi punika, mangga dipungarap post-test ing ngandhap punika.

<https://quizizz.com/join?gc=78095079>





Kapustakan

MGMP Bahasa Jawa SMA/SMK/MA D.I.Yogyakarta. 2020 (Revisi). WIBAWA: Wiyata Basa Jawa untuk Kelas XI. Yogyakarta: Dinas Pendidikan, Pemuda, dan Olahraga D.I. Yogyakarta.

Hariwijaya, M. 2017. Pamedhar Sabda & Sesorah Basa Jawi Gagrak Anyar. Yogyakarta: Elmatera Publising.

Prasaja, Setya Amrih. 2015. Pranata Adicara lan Sesorah. Yogyakarta: Familia.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. Baoesastra Djawa. Groningen-Batavia: J.B. Wolters.